OS.441.4

ènggal katjepenging kamenangan achir. Samangké "Poetera" kagantos dados "Djawa Hokokai" oetawi "Himpoenan Kebaktian Rakjat", ingkang langkoeng djembar tebanipoen, margi boten namoeng tijang2 Indonesia kémawon, nanging sadaja bangsa, ingkang poeroen ambijantoe Pamerintah, lan doedoenoeng wonten ing tanah Djawi ngriki, sami katarik madjeng; inggih poenika bangsa2 Tionghwa, Arab, India sarta para titijang Peranakan Indo. Déning adeging pakempalan "Djawa Hokokai" waoe, saja terang lan tjeta, poenapa ingkang dados idam-idamaning Pamerintah Balatentara Dai-Nippon, inggih poenika manoenggiling sadaja tijang, tanpa/ambédakaken agaminipoen, asal kabangsanipoen, deradjat oetawi pangkatipoen.

/ambédak-

Para sadèrèk! Nitik sadaja ingkang koela terangaken ing ngadjeng waoe, sampoen njata, bilih adeging "Bènteng Pajoedan Djawi" poenika sampoen lami dipoen tandangi saking sakedik, lan samangké sadaja patjoban sampoen dados rantjangan, rantjangan dados panindak. Samangké kantoen njampoernakaken; poenapa ingkang taksih koetjiwa ~~oetawi kirang~~ dipoen saèkakèn, ingkang kirang dipoen langkepaken. Saweg nembé poenika tetemboengan "benteng perdjoeangan" kawedaraken, inggih poenika sasampoenipoen Padoeka ingkang minoelja Saiko Saikikan aba printah ~~ingkang poengkasan~~, salebeting sidang Tjuo Sangi-in ingkang mentas kapengker poenika, soepados sadaja kakijatan rakjat lan nagari dipoen keriggaken, dipoen gemblengaken, ngantos tanah Djawi aroepi "bèntèng" ingkang sakelangkoeng santosa. Pandjenenganipoen Toean Yamamoto, ~~Somu~~ Gunseikanbu Somubucho Kakka, nalika samanten medar sabda, nerangaken bilih ing nagari Nippon samangké sampoen toemindak gelar perang totalitèr, sarana ngawontenaken dapoekan "benteng perdjoeangan" ~~rakjat~~; lan sadaja-sadajanipoen saged toemindak saé. Pandjenenganipoen nerangaken, bilih ing Nippon sadaja tijang, barang2 lan kawontenan, dalah kodrat-alam/dipoen tandjakaken kanggé oeba-rampéning bandajoeda. Tijang enèm saha sepoeh, djaler lan èstri, laré2 sekolah, sadaja sami nindakaken tjaos-bektidateng nagari; sampoen malih ingkang aroepi tijang, sanadyan barang2 damelaning manoengsa, dalah sadaja isining kodrat-alam, inggih poenika siti, wedi, séla, toja, lèpèn2 toewin saganten, goemoek2 lan paredèn, sadaja waoe kapoengoet hasilipoen, amrih toemandja kanggé ngojak lan njandak kamenangan ingkang wekasan.

/pisan,

Sadèrèk-sadèrèk! Kados poendi tjaranipoen kita ing tanah Djawi ngriki nindakaken aba printah saking Padoeka Sang Sénapati Saiko Sikikan waoe?

Menggah garis2 agengipoen, tjekap koela terangaken nganggé oeroet-oeroetan kados ing ngandap poenika; koela kepéngin mireng/moepakat oetawi boten.

/pandjenengan
/-gesangaken

1. anggesang~~ken~~-kapitadosan, bilih boten badé bangsa2 Asia gesang rahajoe, salaminipoen Inggeris, Amerika toewin Walandi taksih saged ngoewaosi djadjahan2 ing sadjawinipoen wengkonipoen pijambak2; ~~[illegible]~~
2. pitados, bilih boten badé tanah Djawi oetawi Indonesia ~~[illegible]~~ sasarengan manoenggil kalijan ~~bangsa~~ nagari2 ing satelatahing Asia Timoer Raya, sarana dipoen pandégani déning nagari bangsa Asia ingkang sakelangkoeng kijat, inggih poenika Dai-Nippon;

P boten saged mang-
sih kasahardjan
jen boten

3. pitados, bilih boten badé kita angsal pandoeman oewoh2ing kamenangan achir, bilih kita samangké boten toemoet loemebet ing kèntèng-pajoedan, toemoet amangsah joeda, nanggoelangi sadaja kridaning mengsah;
4. kapitadosan tigang prakawis ing ngadjeng waoe, kedah dipoen sranani sesadji oetawi lampah-bakti, makaten oepaminipoen:
   - ha: wani lan koewat nandang lara-lapa, lan sagah oeroen woedoe poenapa kémawon, kanggé amboedjeng kamenangan achir;
   - na: nikel-tekoekaken hasil-boemi, ngirangi sadaja kabetahaning gesang, ngetog kakijatan toemandang-damel, amrih saged njekapi pijambak betahing sandang-pangan, miwah kasarasaning djiwa-raga; sarta saged oeroen-woedoe waoe, njoembang waragadi ng perang Asia Timoer Raya;
   - tja: amboetjal angkara-moerkaning gesang pribadi, nggesangaken malih tjara gesang sasarengan kados ing djaman kina, inggih poenika tjara gotong-rojong, goegoer-goenoeng, sambatan, sinoman, sadaja waoe katata nganggé lampah anjar, inggih poenika lampah "tonari-kumi" l.s.s.;
   - ra: amboetjal sadaja tjetjongkrahan lan manoenggilaken sadaja golongan dados satoenggal; boten mawas asal-kabangsanipoen, agaminipoen, dradjat oetawi pangkatipoen.

   Makaten sapitoeroetipoen; lah poenika srana, sadji lan bakti, perloe kanggé anggesangaken kapitadosan, idam-idaman oetawi pangadjab ingkang kaseboet ing nginggil waoe.
5. pitados lan setya dateng sadaja wewèkaning Pamarintah toemrap olah-kridaning perang, sarta tansah mitoehoe dateng sadaja aba lan printah saking panginggil.

MUSEUM TAMANSISWA
DEWANTARA KIRTI GRIYA
333
5/4

6609
GUN KEN ... JOGJAKARTA SHU

Mantjoekoeo. **Oentoek setiap tahoen di Mantjoekoeo.**

HSINKING, 6/2...(Domei)... Sesoeai dengan niat Pemerintah, jang menganggap latihan badan soeatoe sjarat jang terpenting oentoek pertahanan negeri dan oentoek memperloeas tenaga prodoeksi negeri, maka Pemerintah Mantjoekoeo akan mengadakan pertandingan olah raga besar setiap tahoen, moelai tahoen ini. Pembesar2 jang mengoesahakan ichtiar ini mengatakan bahwa pertemoean ini boekan sadja oentoek djoeara2 olah raga, melainkan oentoek rakjat oemoemnja. Latihan pemoeda dan kaoem boeroeh adalah penting sekali.

Jang akan dioetamakan pada pertemoean ini ialah pertoendjoekan: berbaris, gerak-badan, ketjerdasan dan ketangkasan pradjoerit.

Selainnja itoe, djoega akan diadakan pertandingan sepak raga, berenang, base ball, bola kerandjang, tennis dan rugby. Pertemoean jang pertama akan diadakan kira2 pada boelan September.

10/S.R./P.

14)

**MASATAKA YAMAWAKI MELAKOEKAN PENJELIDIKAN DI BORNEO.**

Borneo.

KUCHING, 6/2...(Domei)...Setelah melakoekan penjelidikan didesa-desa orang Dajak, maka kemaren pagi tg. 5/2 Letnan-Djenderal Masataka Yamawaki, Panglima Besar tentera Nippon di Borneo menerangkan, bahwa beliau sangat senang sekali melihat kemadjoean rakjat Dajak dalam soal perternakan.

Hasil panen makin besar, setelah mereka menanam padi menoeroet petoendjoek Nippon. Lagi poela Letnan Djenderal Yamawaki sangat gembira melihat ketjepatan orang2 Dajak menoemboek padi dan menebang pohon2 dihoetan lebat.

9/SW./P.

15)

**KEBON BINATANG UENO AKAN MENERIMA 2 EKOR HARIMAU. Dikirim dari Rangoon.**

Nippon.

TOKIO, 6/2...(Domei)...Tidak lama lagi 2 ekor harimau akan dikirimkan dari Kebon Binatang di Rangoon oentoek Kebon Binatang Ueno di Tokio. Wakil Pemimpin Kebon Binatang Ueno itoe, Saburo Dukuda, menerima sepoetjoek soerat jang berboenji begini: "Pengiriman ini adalah hasil dari persetoedjoean antara kedoea Kebon Binatang oentoek bertoekaran berbagai-bagai binatang dan boeroeng. Dengan demikian maka perhoeboengan Nippon dan Birma akan bertambah rapat. Hal ini tentoe sadja akan lebih memadjoekan pendidikan oemoem.

Pertoekaran akan dimoelai setelah Tadamichi Koga, Pemimpin Kebon Binatang Ueno, jang sekarang ada di Rangoon, kembali di Nippon.

Kebon Binatang di Rangoon minta kepada Kebon Binatang Ueno mengirimkan singa, mendjangan Nippon, itik Mandarijn, merak emas dan lain2 binatang jang tidak ada di Birma."

Taman Binatang Ueno moengkin akan mengirimkan binatang2 jang diminta itoe selekas-lekasnja.

4/Sw./P.